

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Profil Kacamatan Cigasong

Kacamatan Cigasong mangrupa salah sahiji kacamatan nu aya di Kabupatén Majalengka, lega wilayahna 2581,474 Ha. Wates wilayah Kacamatan Cigasong téh di beulah kalér diwatesanan ku Kacamatan Jatiwangi, beulah wétan diwatesanan ku Kacamatan Sukahaji, beulah kidul diwatesanan ku Kacamatan Maja, beulah kulon diwatesanan ku Kacamatan Majalengka.

Kacamatan Cigasong téh diwangun ku 3 Kelurahan jeung 7 Désa, nu ngawengku 1) Kelurahan Cicénang, (2) Kelurahan Cigasong, (3) Kelurahan Simpeureum, (4) Désa Ténjolayar, (5) Désa Tajur, (6) Désa Kawung Hilir, (7) Désa Kutamanggu, (8) Désa Karayunan, (9) Désa Baribis, jeung (10) Désa Batu Jaya. Jumlah RW di kacamatan Cigasong aya 60, jeung jumlah RT aya 173.

Agama mayoritas nu diagem ku masarakat Kacamatan Cigasong nya éta agama Islam, nu kadua Protéstan, jeung nu katilu Katholik. Atikan masarakatna panglobana tamatan SD, nu kadua SMA, jeung nu katilu SMP. Lian ti éta, aya ogé tamatan paguron luhur sanajan jumlahna henteu loba. Pakasaban masarakat lolobana buruh jeung patani. Nilik kana kelompok umur masarakat Kacamatan Cigasong, panglobana ti umur 0-4 taun, nu kadua umur 15-19 taun, jeung nu katilu umur 5-9 taun. Pikeun leuwih jéntré, bisa ditingali dina tabel anu aya di handap.

Tabel 3.1**Data Masarakat Nurutkeun Agama**

No	Jenis Agama	Jumlah Jiwa
1	Islam	31.080
2	Katholik	19
3	Protéstan	30
4	Hindu	9
5	Budha	4

Sumber : RPTK Kecamatan Cigasong Taun 2008

Tabel 3.2**Data Masarakat Nurutkeun Status Pendidikan**

No	Status Pendidikan	Jumlah Jiwa
1	Can tamat SD/Sadarajat	3.171
2	Tamat SD/Sadarajat	11.488
3	Tamat SMP/Sadarajat	5.304
4	Tamat SMA/Sadarajat	5.566
5	Diploma I/II	561
6	Akademik/Diploma III Sarjana Muda	252
7	Diploma IV/Strata I	328
8	Strata II	25
9	Strata III	14

Sumber : RPTK Kecamatan Cigasong Taun 2008

Tabel 3.3

Data Masyarakat Nurutkeun Pakasaban

No	Jenis Pakasaban	Jumlah Jiwa
1	Pelajar/Mahasiswa	4.622
2	Padagang	391
3	Peternak	155
4	Tani	2.471
5	Perikanan	18
6	PNS/ABRI/POLRI	1.749
7	Patukangan	10
8	Industri	74
9	Karyawan Swasta	642
10	Karyawan BUMN	18
11	Karyawan BUMD	56
12	Karyawan Honorér	101
13	Buruh	4.603

Sumber : RPTK Kacamatan Cigasong Taun 2008

Tabel 3.4**Data Masyarakat Menurut Kelompok Umur**

No	Kelompok Umur	Jumlah Jiwa
1	0 - 4 Taun	3.066
2	5 - 9 Taun	2.810
3	10 - 14 Taun	2.827
4	15-19 Taun	2.969
5	20 - 24 Taun	2.791
6	25 - 29 Taun	2.767
7	30 - 34 Taun	2.627
8	35 - 39 Taun	2.699
9	40 - 44 Taun	2.284
10	45 - 49 Taun	2.103
11	50 - 54 Taun	2.037
12	55 - 59 Taun	1.850
13	>60 Taun	2.643

Sumber : RPTK Kecamatan Cigasong Taun 2008

Tina data di luhur, katitén yén Kecamatan Cigasong téh lega. Ku kituna, ieu panalungtikan carita rayat téh diwatesanan ti désa atawa kelurahan anu jadi sampel ieu panalungtikan, nya éta Kelurahan Cicénang, Kelurahan Cigasong, Kelurahan Simpeureum, Désa Ténjolayar, Désa Tajur, Désa Kawung Hilir, Désa Kutamanggu, Désa Karayunan, Désa Baribis, jeung Désa Batu Jaya.

3.2 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta méthode déskriptif, anu dipaké pikeun ngadéskrripsikeun carita rayat nu aya di Cigasong, anu satuluyna dipaluruh luyu henteuna ieu carita rayat dijadikeun bahan pangajaran di SMA.

Méthode déskriptif nya éta méthode anu digunakeun pikeun ngungkulan hiji masalah anu aktual ku cara ngumpulkeun, nyusun papasingan, ngajéntrékeun jeung nganalisis. Ku lantaran kitu ieu méthode téh sering ogé disebut méthode analitik (Surakhmad, 1994:140; Fatimah, 1997:28).

Nurutkeun pamadegan Bést (1982:119), panalungtikan déskriptif téh nya éta méthode panalungtikan anu tujuanna pikeun ngagambarkeun jeung nyieun interprétasi objékna saayana.

Panalungtikan déskriptif lain panalungtikan pikeun nguji hipotésis, tapi ngan ukur ngagambarkeun naon baé anu aya dina salah sahiji variabel. Mémang aya ogé dina ieu panalungtikan anu hayang ngabuktikeun hipotésis, tapi henteu umum. Ku kituna, panalungtikan déskriptif téh umumna lain pikeun nguji hipotésis (Arikunto, 1990:310; Fatimah, 1997:28).

3.2.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi (rékaman).

3.2.2.1 Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data sangkan lengkep jeung meunangkeun informasi anu leuwih akurat. Léngkah mimiti dina ieu téhnik téh nya éta ngayakeun obsérvasi langsung ka tempat anu rék ditalungtik. Obsérvasi nya éta panalungtikan ku cara niténan langsung hiji objék anu rék ditalungtik (Endraswara, 2006:13).

3.2.2.2 Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik anu dipaké pikeun ngalengkepan data ku cara komunikasi langsung jeung masarakat salaku informan (Arikunto, 2002:132).

3.2.2.3 Téhnik Dokumentasi

Téhnik dokumentasi dipaké pikeun nguatkeun data anu keur ditalungtik, lian ti éta dokumentasi bisa jadi bukti yén panalungtikan téh bener-bener dipigawé.

3.3 Instrumén Panalungtikan

3.3.1 Média Panalungtikan

Média anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun alat tulis jeung kaméra digital, sangkan leuwih jéntré diébréhkeun sakumaha ieu di handap.

1) Alat tulis

Alat tulis nya éta alat atawa pakakas anu dipaké pikeun nyieun aksara dina hiji média.

2) Kaméra digital

Kaméra digital nya éta pakakas pikeun ngarékam gambar, anu bisa nyimpen data nu mangrupa gambar dina ukuran digital. Kaméra digital kaasup téknologi digital (*digitalizer*), anu mampuh nyimpen *input* data *analog* nu mangrupa frékuénsi cahaya, tuluy dirobah kana wangun digital éléktronis (http://www.edukasi.smkn3jambi.sch./materi/kamera_photo_digital/index.html).

3.3.2 Padoman Wawancara

Padoman wawancara anu dipaké dina ieu panalungtikan eusina rupa-rupa patalékan pikeun meunangkeun data ngeunaan carita rayat anu aya di Kacamatan Cigasong, di antarana :

- 1) Saha jenengan Bapa/Ibu téh?
- 2) Yuswa Bapa/Ibu sabaraha taun?
- 3) Dupi Bapa/Ibu uninga carita rayat anu aya di daérahna?
- 4) Ti saha Bapa/Ibu uninga carita rayat téh?
- 5) Kumaha carita rayat anu Bapa/Ibu uninga téh?

3.4 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, aya opat léngkah anu dijadikeun patokan panalungtikan, nya éta léngkah tatahar, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyusun laporan panalungtikan. Pikeun leuwih jéntré di runtuykeun sakumaha ieu di handap.

3.4.1 Tatahar

Kegiatan anu dipigawé dina tahap tatahar nya éta:

- 1) Nangtukeun judul panalungtikan;
- 2) Ngulik pustaka;
- 3) Nyusun rarancang panalungtikan;
- 4) Nyieun surat ijin panalungtikan; jeung
- 5) Konsultasi ka dosén pangaping

3.4.2 Ngumpulkeun Data

Kegiatan anu dipigawé dina tahap ngumpulkeun data nya éta:

- 1) Néangan informasi ka masarakat nu apal kana carita rayat;
- 2) Ngayakeun wawancara jeung narasumber; jeung
- 3) Ngumpulkeun atawa ngainventarisir data;

3.4.3 Ngolah Data

Kegiatan anu dipigawé dina ngolah data nya éta:

- 1) Nenetan deui data anu geus dikumpulkeun;
- 2) Data dipasing-pasing dumasar kana jenisna;
- 3) Data dianalisis dumasar kana unsur intrinsikna; jeung
- 4) Nyieun kacindekan tina data anu geus diolah.

3.5 Nyusun Laporan

Ieu tahap téh mangrupa anu pamungkas, sanggeus data diolah jeung dianalisis tuluy dijieun laporanna nu mangrupa skripsi, sarta meunang apingan ti dosén-dosén pangaping.

